



YAYASAN BERNARDUS
SMA THERESIANA “TERAKREDITASI”
Jl. Tamtama Weleri 51355, Kendal, Jawa Tengah. Telp. 0294 641246

Nama :
Kelas :

ASESMEN AKHIR SEMESTER GASAL

Tahun Ajaran 2022/2023

LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : X (Sepuluh)
Hari / Tanggal : Senin, 5 Desember 2022
Jam : 09.30-11.00 WIB

PETUNJUK UMUM :

1. Tulis Nama dan Nomor peserta pada lembar jawab
2. Periksa dan bacalah soal sebelum anda menjawabnya
3. Jumlah soal sebanyak 40 butir pilihan ganda dan 5 uraian
4. Kerjakan pada lembar jawab. Apabila ada jawaban yang anda anggap salah dan ingin memperbaikinya, coretlah dengan dua garis mendatar pada jawaban anda yang salah, kemudian beri tanda silang pada huruf yang anda anggap benar.

** SELAMAT MENERJAKAN **

I. Wenehana tandha ping (x) aksara a, b, c, d utawa e ing jawaban sing paling bener!

1. Gatekna tembang pangkur iki!
Jinejer neng Wedatama
Mrih tan kempa kembenganing pambudi
Mangka nadyan tuwa pikun
Yen tan mikani rasa,
Yekti sepi asepa lir sepa samun,
Samangsane pasamuhan
Gonyak ganyuk nglelingsemi.

Tegese gonyak ganyuk nglelingsemi yaiku
A. Sakarepe dhewe mula ngisin-isini
B. Supaya ora mangu-mangu tumindake
C. Mapan ing papan sepi murih wening atine
D. Aja tumindak kang singlar saka wewaton urip
E. Tumindak becik iku minangka lambang kamulyan
2. Gatekna tembang pangkur iki!
Mingkar mingkuring angkara,
Akarana karanan mardhi siwi,
Sinawung resmining kidung,
Sinuba sinukarta,
Mrih kretarta pakartining ngelmu luhung
Kang tumrap neng tanah Jawa,
Agama ageming aji.

- Pratelan kang tegese ngedohi sawenehe tumindak kang ala, yaiku
- Mingkar mingkure angkara
 - Akarana karenan mardi siwi
 - Mrih kretarta pakartining ilmu luhung
 - Sinawung resmining kidung
 - Agama ageming aji
3. Gatekna tembang pangkur iki!
- Jinejer neng Wedatama*
Mrih tan kempa kembenganing pambudi
Mangka nadyan tuwa pikun
Yen tan mikani rasa,
Yekti sepi asepa lir sepa samun,
Samangsane pasamuhan
Gonyak ganyuk ngelingsemi
- Saka cakapan tembang pangkur kasebut, paugerane tembang pangkur yaiku ...
- Guru gatra 7, guru wilangan lan guru lagu 8 a, 11 u, 8 u, 7 a, 12 u, 8 a, 8 i
 - Guru gatra 7, guru wilangan lan guru lagu 8 a, 11 i, 8 a, 7 a, 12 u, 8 a, 8 i
 - Guru gatra 7, guru wilangan lan guru lagu 8 a, 11 i, 8 u, 7 a, 12 u, 8 a, 8 i
 - Guru gatra 7, guru wilangan lan guru lagu 8 a, 11 u, 8 u, 7 a, 12 a, 8 a, 8 i
 - Guru gatra 7, guru wilangan lan guru lagu 8 a, 11 u, 8 i, 7 a, 12 u, 8 a, 8 i
4. Gatekna pethilan cerkak iki!
- Esuk iki langite peteng, pedhute kandel banget, lan hawane uga adhem banget.*** Nanging, kuwi kabeh ora nyuda kekarepane Bu Umi kanggo dodol pohung menyang pasar. Sanadyan gaweyan iku abot, nanging Bu Umi ora tau nggresula. Bu Umi saiki mung urip karo putrane sing isih kelas I SMP. Bu Umi ditinggal bojone wis pitung taun suwene, amarga bojone Bu Umi duwe bojo liya. Kuwi uga dadi pawadan Ilham, putrane Bu Umi, luwih milih urip melu ibune.
- Ukara kang kacethak kandel kasebut nudhuhake salah siji unsur intrinsik cerkak, yaiku
- Alur
 - Setting
 - Paraga
 - Amanat
 - Konflik
- Gatekna pethilan cerkak ngisor iki kanggo pitakonan nomor 5-8 !***
- “Ana apa, Dhik kok sajak abot penggalih panjenengan?” Sasana njejeri lungguhe Mahendra. Mahendra ngingset lungguhe karo nyauri, “Lagi rada bingung Mas”. Karo pawongan siji iki Mahendra ora wani ndhelikake rasane. Sasana Warastra ngono asmane jangkep. Gelare mburi Sarjana Pendidikan. Priyayi tuwa watara lagi telung puluhan wolu tahun. Nanging sorot paningale mratandhani yen dadi wong sing mateng. Tangga teparone ngertine Mas Sasana ya mung guru ing sawijining SMP lereng gunung. Kegiatan liyane ora akeh wong kang ngerti. Dheweke ora tau ngrembug bab kegiyatane. Sing diomongke ya kaya anut ombyake omongane wong-wong liyane, cekake dheweke ora tau mbukani rembug nanging mung ngegong, tur pas karo sing dikarepake, dadi akeh kang rumangsa seneng marang Mas Sasana.
5. Kepriye sikepe Mahendra yen karo Sasana?
- Mahendra ora wani ndhelikake rasane
 - Mahendra kepeksa ndhelikake rasane
 - Mahendra tansah ndhelikake rasane
 - Mahendra rada isin ngandhakake perkarane
 - Mahendra blaka apa kang dirasake marang Sasana
6. Kepriye watake Sasana miturut pethikan cerkak mau?
- wong kang manut ombyaking omongane wong
 - wong kang disenengi wong akeh
 - wong kang bisa mangerteni isine ati
 - wong kang wus mateng, bisa momong wong liya
 - wong ang pinter rumangsa

7. Amanat kang bisa dijupuk saka pethikan cerkak mau yaiku
 - A. dadi wong kudu isa karyenak tyasing sasama
 - B. dadi wong kudu bisa mangerteni atine liyan
 - C. yen ana masalah kudu dikandhakake marang wong liya
 - D. dadi wong kudu bisa nyenengake wong liya
 - E. urip iku ora kena dipikir dhewe
8. Basa kang digunakake Sasana marang Mahendra?
 - A. ngoko lugu
 - B. ngoko alus
 - C. krama lugu
 - D. krama alus
 - E. krama inggil
9. Nanging sorot paningale mratandhani yen dadi *wong sing mateng*. Tegese *wongsing mateng* yaiku ...
 - A. pinter
 - B. wis tuwa
 - C. akeh pengalamane
 - D. diwasa
 - E. kurang ngerteni

Gatekna wacan iki kanggo soal nomor 10-11!

Srengenge wiwit jumedhul, Rina wis mapan ana ing pawon. Wis dadi pakulinan yen saben esuk ngrewangi ibune gawe klepon kanggo didol ana ing sekolah-sekolah. Dina kuwi dheweke ora bisa ngrewangi ibune nganti rampung, amarga arep ana ujian masuk UNDIP saka jalur beasiswa tahfidz. "Bu, kula pamit rumiyin. Nyuwun pandonganipun, Bu, mugia Rina paringi gancar nggarap tes lan saged lulus", Panyuwune Rina sinambi ngambung asta ibune. "Nggih nduk, dongane ibu mugi-migi anake ibu sukses donya akhirat. Ibu ora bisa nyanguni apa-apa, namung donga marang Gusti Allah", wangsulan ibune marang anake.

10. Amanat saka pethilan cerkak kasebut yaiku
 - A. Usaha sing mepeng banjur pasrah kepriye hasile ujian.
 - B. Sing paling penting iku ngupaya sing tenanan kanggo ngadhepi ujian.
 - C. Ora perlu sinau mepeng, sing penting dongane wong tuwa.
 - D. Cukup sinau lan usaha sing mepeng supaya lulus ujian.
 - E. Saliyane sinau lan usaha sing mepeng, pangestu wong tuwa uga bisa gawe lancare ujian.
11. Setting panggonan kang ana ing pethilan cerkak yaiku
 - A. Omah Sari
 - B. Panggenan Tes
 - C. Kampus UNDIP
 - D. Dalan
 - E. Omahe Rina
12. Gatekna pethilan pawarta iki!

Ngancik wulan pasa, cacah ewon bebrayan ing sakiwa tengeneing kutha Tegal nganakake tradisi padusan. Tradisi iki turun-temurun ditindakake sening warga ing sakupenge gunung Slamet ing sisih lor kulon. Kepara malah padusan Guci dadi objek wisata kang misuwur ing kecamatan Bumijawa, Kabupaten Tegal. Tradisi padusan kuwi duwe maksud kanggo resesik awak minangka simbol resesik jiwa kanggo ngadhepi wulan siam.

Manut wacan kasebut, tradisi padusan ditindakake ing sasi

- A. Syawal
- B. Ramadhan
- C. Sa'ban
- D. Ruwah
- E. Sura

Gatekna wajan iki, kanggo soal nomor 13-17!

Bachruddin Jusuf Habibie

Bachruddin Jusuf Habibie utawa kang misuwur aran BJ. Habibie iki miyos tanggal 25 Juni 1936 ing Pare-pare Sulawesi Selatan. Habibie minangka Presiden Indonesia Kaping 3 iki keturunan Jawa-Makasar. Nalika isih ana ing bangku SD nganti SMP, Habibie ngangsu kawruh ing Pare-pare, banjur nerusake ing SMA ing Bandung. Sawise lulus kanthi skor IQ 200, piyambake banjur nerusake ing ITB, BJ Habibie uga ditampa sekolah ana Jerman Barat ing RWTH Aachen. Ing Jerman, Habibie ngangsu kawruh babagan teknik penerbangan. Saka kene karir Habibie pinuju kasuksesan Habibie minangka putra Indonesia kang kawasisane diakui dening bangsa manca. Sawise paripurna anggone kuliah, piyambake ora langsung balik menyang Indonesia ananging makarya dhisek ing perusahaan gawe motor mabur ana Jerman Barat. Karir Habibie lancar amarga kawasisane lan bisa dadi wakil direktur ing bidang teknologi. Habibie uga minangka wong Asia kang kapisan nduweni jabatan penting ing perusahaan gawe motor mabur ing perusahaan pesawat terbang ing Eropa.

Madege PT Dirgantara Indonesia, PT Pindad, PT Lapan, Ora uwal saka pamikire Habibie. Nalika Indonesia ing pamarintahan Presiden Soeharto stabilitas ekonomi lan politik wiwit apik. Nalika kiwi Presiden Soeharto ngutus Ibnu Sutowo, direktur Pertamina, mapag Habibie ing Jerman Barat. Indonesia mbutuhake Habibie kanggo myantu pamarintah mbangun negara Indonesia

Kapethik saka: Lantip Basa Jawa kaca 26

13. Bachruddin Jusuf Habibie utawa kang misuwur kanthi asma BJ. Habibie miyos tanggal
 - A. 25 Juli 1937
 - B. 26 Juni 1936
 - C. 25 Juni 1936
 - D. 25 Juli 1936
 - E. 26 Juni 1937
14. Sawise paripurna anggone kuliah, piyambake ora langsung balik meyang Indonesia nanging makarya dhisek ing
 - A. Perusahaan Listrik
 - B. Perusahaan Pesawat terbang
 - C. Perusahaan Mesin
 - D. Perusahaan Teknologi
 - E. Perusahaan Tambang
15. Habibie kalebu wong kapisan kang nduweni jabatan penting sawijining perusahaan terbang ing Eropa. Jabatan BJ Habibie ing perusahaan yaiku
 - A. Wakil direktur bidang teknologi
 - B. Direktur bidang teknologi
 - C. Wakil direktur bidang ekonomi
 - D. Direktur bidang teknik
 - E. Direktur bidang tenaga kerja
16. Bapak BJ. Habibie minangka wong Asia kang kapisan nduweni jabatan penting ing perusahaan motor mabur ing perusahaan pesawat terbang ing
 - A. Asia
 - B. Jerman
 - C. Eropa
 - D. Indonesia
 - E. Amerika
17. Perusahaan kang madeg saka pamikiranane Habibie yaiku, kajaba
 - A. PT Dirgantara Indonesia
 - B. PT Lapan
 - C. PT Pindad
 - D. PT RTWH Aachen
 - E. PT Pelindo

18. Gatekna gambar wangunan iki!

Saka gambar kasebut, perangan wangunan kang mapan ing ngarep dhewe, fungsi utamane kanggo nampa tamu lan tansah dibukak tanpa ana wates diarani

- A. Pendhapa
- B. Pringgitan
- C. Dalem agung
- D. Krobongan
- E. Pawon/pakiwan



19. Gatekna gambar wangunan iki!

Ukara kang jumbuh kanggo ndeskripsikake gambar kasebut yaiku

- A. Omah joglo iku wangunan omah tradhisional saka Sumatra kang bahan dhasare saka kayu.
- B. Omah joglo iku wangunan modern kang bahan dhasare saka beton.
- C. Omah joglo iku wangunan omah tradhisional kang ngegirisi
- D. Omah joglo iku wangunan omah tradhisional khas Jawa kang digawe saka kayu.
- E. Omah joglo iku wangunan omah tradhisional kang dhuwure kaya gedhong perkantoran.





20. Papane ana ing buri dhewe. Panggonan iki digunakake kanggo masak lan akamr mandi. Sanajan katon prasaja, nanging perangan iki uga minangka perangan kang asipat pribadhi lan duwe nilai luhur. Papan kasebut diarani

- A. Pendhapa
- B. Pringgitan
- C. Dalem agung
- D. Krobongan
- E. Pawon/pakiwan

21. 

- A. kreték ambruk
- B. kretég ambruk
- C. kretég ambles
- D. kreték ambblas
- E. kreték ambles

22. Sepur Argalawu, yen ditulis nganggo aksara Jawa

- A. 
- B. 
- C. 
- D. 
- E. 

Susi Pudjiastuti: Perkara Ngelemke Kapal, TNI lan Polri Kudu Nyengkuyung

Jakarta-Kompas.com (alish basa Jawa)-Presiden Joko Widodo nganakake rapat karo para menteri Kabinet Kerja kanggo ngrembug perkara keamanan laut ing Istana Merdeka, Senin (24/11/2014). Ing sajeroné rapat kasebut, Menteri Kelautan dan Perikanan Susi Pudjiastuti uga ngakoni yen wis disengkuyung langsung dening presidhèn kanggo ngelemake kapal-kapal kang nyolong iwak ing laut Indonesia.

"Saya didukung oleh semua. Itu perintah Pak Presiden," ujar Susi karo mesem sabubare rapat.

Bose Susi Air uga menchi katrangan yen Presiden uga njaluk marang TNI lan Polri supaya nyengkuyung bab kasebut.

A. 1,2,3,4,5,
B. 5,3,4,1,2
C. 2,3,4,1,5
D. 5,4,3,1,2
E. 5,1,3,4,2

Wis dadi padatan, yen saben mulih sekolah Andi mbantu ibune dodolan martabak ing alun-alun. Sadurunge mangkat dodolan, dheweke matur karo ibune “Bu, kala wau kula ditimbali Bu Eka. Alhamdulillah Andi lulus tes mlebet UNDP saking jalur beasiswa tahfidz. Ngendhikanipun wulan Agustus sampun diken mangkat kangge orientasi rumiyin”. Ibune sanalika kuwi seneng, banjur mangsuli “Alhamdulillah ya le, dongake ibu lan bapak muga-muga diparingi rejeki kanggo sangu mbesuk kuliahmu”. “Nggih, Bu”, wangsulane Andi.

A. mundur
B. maju
C. zigzag
D. maju-mundur
E. mundur-maju

Srengenge wis jumedhul ing sisih wetan, katon mencorong. Among tani padha mangkat menyang sawah manggul garu lan nuntun sapine. Sing wadon padha menyang gendhong asil pawetune. Bocah- bocah padha budhal sekolah. Manuk- manuk padha ngoceh ing wit-witan. Pitik, bebek, menthog wis padha metu saka kandhange golek pangan dhewe- dhewe. Ora katon mega sathitika. Esuk iki pancen padhang njingglang.

A. Srengenge wis jumedhul ing sisih wetan.
B. Among tani padha mangkat menyang sawah.
C. Bocah-bocah padha budhal sekolah.
D. Manuk padha ngocoh ing wit-witan.
E. Esuk iki pancen padhang njingglang

[illegible]

A. Saling ngormati kapitayan tiyang sanes.
B. Makmur masarakate.
C. Ekonomine ngrembaka.
D. Pimpinan kang tanggung jawab.
E. Pembangunan kang rata.

Melani : “Sugeng enjing, Pak”
Pak Badri : “Sugeng enjing, ana apa kok njanur gunung mlebu kantor?”
Melani : “Inggih, Pak. Nyuwun pangapunten saderengipun, Pak. Kula nyuwun priksa, punapa Pak Reza sekolahan?”
Pak Badri : “Durung Lan, Pak Reza durung rawuh.”
Melani : “Inggih, Pak. Matur nuwun.”

A. kondur

Wacanen crita wayang ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan angka 39-40!

Pandu Jumeneng Nata ing Hastinapura

Negara Hastinapura kagungan putra calon gumanti Nata, yaiku kang pambareb Dhestrarastra, panengahe Pandu, lan warujane Widura. Dhestrarastra, Pandu Dewanata, lan Widura digulawentah lan digladhi dening Resi Bisma. Katelune iku kang bakal mbacutake keprabone dharah Kuru. Dhestrarastra duwe kaluwihan prigel olah jaya kawijayan. Pandu prigel babagan olah kridhaning jemparing, dene Widura prigel babagan olah weliding pedhang lan sanjata.

Nanging kang jumeneng nata ing Hastina iku Pandu, jalaran Dhestrarastra cacat netra, dene Widura duwe cacat sukune dawa sesisih. Saka sarasehan agung netepake kang dijumenengake nata Pandu. Dhestrarastra lila yen sing kawisudha dadi ratu iku Pandu, amarga dheweke nglenggana duwe kekurangan kang ginaris dening Gusti Kang Murbeng Jagad. Miturut pemanggihe, nagara kang dipangarsani titah kang cacat bakal nuwuhake swasana kang ora becik.

.....

39. Watake Dhestrarastra ana ing pethilan crita wayang ing ndhuwur yaiku
- A. Sombong
 - B. Ora manut
 - C. Nglenggana
 - D. Umuk
 - E. Sabar
40. Cita ing dhuwur ngemot pitutur kang becik yaiku
- A. Aja rebutan kadikdayan
 - B. Nglenggana marang kekurangane
 - C. Negara kang adiluhung
 - D. Ngalah dhuwur wekasane
 - E. Nandur bakal ngundhuh